Муниципальное казенное общеобразовательное учреждение

«Тлярошская средняя общеобразовательная школа»

Заверяю

Директор МКОУ

«Тлярошская СОШ»

Хизрибегов Г.Х.

14.02.2022год



# Авар мац1алъул рагьараб дарс

(8 класс, 2 дарс (9:25-10:00) 14 февраль, 2022сон)

## Тема: *«Тайпа цоял членалгун предложениял»*

Х1адур гьабуна : Исмаилова П.М.

2022сон.

# Тема: ***Тайпа цоял членалгун предложениял.***

**Дарсил мурадал:**

1.Предложениялъул тайпа цоял членазул х1акъалъулъ баянал кьей, гьел г1ат1ид гьари.
2.Тайпа цоял членал ратизе,цогидал предложениялъул членаздаса гьел рат1а рахъизе бажари щвезаби, к1алзул,хъвавул каламал церет1езари, разборал гьариялъул бажари камил гьаби, г1акълу бег1ери ,нилъер Ват1аналде, вижараб ракьалде, гьелъул т1абиг1аталде рокьи бижинаби, рух1ияб рахъ бечед гьаби, калам цебет1езаби.

**Дарсил алатал:** компьютер, презентация, дарсил эпиграф.

**Дарсил ин:**

**1.Класс дарсиде х1адури.**

- Рорч1ами ,хириял ц1алдохъаби. Росе х1ажаталщинал алаталги, х1адуре дарсиде.

Жаъасеб дарс байбихьизин гьал коч1ол мухаздалъун.

*Т!олго вацлъиялъего*
*Умумуз ирслъун тараб,*
*Кьолеб буго нужее*
*Маг1на гъваридаб салам!*

*Лъик1 щварал маг1арулал,*
*Маг1арул мац1алъул гъасде,*
*Лъик1 рач1арал ракьцоял*
*Бокьулеб гьаб сверуде.*

*Салам гьалбадериде*
*Гор сверуде рач1арал*
*Умумузул г1адатги*
*Г1амалги чорхолъ бугел!!!*

**2. Араб такрар гьаби**

- Ц1ияб тема байбихьилалде бокьилаан цодагьаб араб материалги такрар гьабизе:

*1)(Разборазул минутка. Доскаялда х1алт1и).*

а)Фонетикияб разбор гьабе: ***гьалбал***

б)Морфемияб разбор гьабе: ***гьудуллъи***.

в)Морфологияб разбор гьабе: ***эбел***

2) Ц1ех-рех:

-щиб кколеб морфология?

-Сундул бицунеб г1елмуялъул бут1а кколеб фонетика?

3) Синтаксисияб разбор.

-Хут1анаха синтаксисияб разбор. Синтаксисияб разборалъе босила гьадинаб предложение:

***Дагъистаналда руго <u>муг1рул</u>, <u>щобал</u>, <u>ахал</u>, <u>хурзал</u>.***

-Кинаб каламалъул бут1алъун ккун ругел Муг1рул, щобал, ахал, хурзал абурал раг1аби?

**Муг1рул, щобал, ахал, хурзал** абурал раг1абазе бач1уна **щал?** абураб суал, ва гьел руссунги руго **руго** абураб раг1иялде, ай сказуемоялде.

**Муг1рул, щобал, ахал, хурзал** абурал раг1аби кинал предложениялъул членал колел? (Т.ц.ч.)

- Гьаб предложениялда жанир кинал предложениялъул членал ккун ругел тайпа цоял членаллъун ?

**3. Ц1ияб тема бицин.**

*-Жакъасеб нилъер темаги ккола «**Тайпа цоял членал**».*

*-Щибаб дарсил бук1унаха цере лъурал мурадал ва масъалаби. Нилъер жакъасеб дарсил мурадал ккола:*

***1.Предложениялъул тайпа цоял членазул х1акъалъулъ баянал кьей, гьел г1ат1ид гьари;***
***2.Тайпа цоял членал ратизе,цогидал предложениялъул членаздаса гьел рат1а рахъизе лъай;***

***3. Калам цебет1езаби;***

*- Рагье ,лъимал, тетрадал, хъвай жакъасеб къо-моц1, дарсил тема.*

*-Кинал предложениялъул членазда абулеб т.ц.ч. абун ?*

Тайпа цоял членал абула предложениялда жанир жал цого суалалъе жаваблъунги рач1унел, цого раг1уда маг1наялъул рахъалъ рухьун ругел членазда.

*- Лъимал, рач1а г1урус мац1алда т.ц.ч. баян кьелин.*

Однородные члены предложения- это члены предложения, которые отвечают на один и тот же вопрос, является одним и тем же членом предложения и относится к одному слову.

***Дагъистаналда руго <u>муг1рул</u>, <u>щобал</u>, <u>ахал</u>, <u>хурзал</u>.***

*- Гьаб предложение г1урус мац1алде буссинабе.*

**(В Дагестане есть горы, хребты, сады, поля).**

*- Лъимал , предложениялъул т.ц.ч. подолежащеялищ кидаго рук1унел ? Нужеда кин кколеб?*

Предложениялда жанир тайпа цоял членаллъун рук1ине бегьула: предложениялъул бет1ералги бет1ерал гурелги членал:

подлежащее, сказуемое, бит1араб дополнение, хъвалсараб дополнение, определение ва х1ал.

**Тайпа цоял сказуемоял**

1). Гьелъул даражаялде бахунеб цогидаб асар дида раг1ич1о, бихьич1о, лъаларо. (Ч. Айтматов)

2). Школалъул залалда ц1алдохъаби рекерана, к1анц1ана, расандана.

***Тайпа цоял бит1арал дополнениял***

1). Бокьула мун дие, бокьула г1умру,
Дур кьог1лъи, гьуинлъи, хъач1лъи, недегьлъи. (А. А.)
2) Васас тукадаса т1ахьал, тетрадал, ручкаби росана.

***Тайпа цоял хъвалсарал дополнениял***

*1). Аск1ове щваравго, дун валагьана Г1алихъ, Давудихъ, Мах1амадрасулихъ.*

2) Инсуца ясазе ва васазе конфетал рикьана.

**_Тайпа цоял определениял_**

*1). Баг1аралги, хъах1алги, хъах1илалги т1угьдузул ц1ун руго нижер муг1рул.*

*2). Г1урул раг1алда хъах1аб, ч1ег1ераб, нак1к1уяб сали бук1ана.*

**_Тайпа цоял х1алал_**

*1). Мичурнница кагътал хъвалаан Америкаялде, Китаялде, Франциялде.*

2). Берцинго, х1еренго, тамахго абураб раг1и гьоц1олъун лъугьуна г1адамасул рек1елъе.

-Цо-цо предложениязулъ цого раг1и чанго нухалъ такрарлъун бук1уна. Гьедин такрарлъарал раг1аби тайпа цоял членал кколаро.

*(Воре,ц1але,ц1але,ц1але, дир ц1одор,*

*Ц1ияб Ват1ан т1егьазабе, берзул нур.)*

**4.Х1ухьбахъиялъул минут:**

Рорхе кверал киназго,
свак чучизе, черх бит1изе,
чундул г1адин сах рук1ине.
Свак чучана, черх бит1ана,
чундул г1адин сах хут1ана.

**5. Малъараб щула гьаби:**

1)Т1ехьадасан х1алт1и: х1алт1и 114 (Х1алт1и экраналда бихьизабила ва бицун т1убазабила)

2) Проектияб х1алт1и.

**7. Дарсил х1асил гьаби. Рефлексия.**

-Рач1аха дица байбихьизин нужеца лъуг1изаризе предложениял:

Дида жакъасеб дарсида лъана…

Дида бич1ч1ана…

Дида бич1ч1ич1о…

Дие бокьилаан…

1. В ... предмету «История Дагестана » в 2021-2022 учебном году включаются ... уче...
обучающиеся:

| № | Ф.И.О. участника (полностью) | Класс, в котором обучается | Класс, за который выступает | Основание* | | | Дата рождения | Домашний адрес, телефон | Паспортные данные (серия, номер, кем и когда выдан) |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Кол-во набранных баллов | % выполненных заданий | ...тель или призер муниципального этапа олимпиады предыдущего учебного года | | | |
| 1 | Кадиров Магомедсаид Абдулкадырович | 10 | 11 | 32 | | победитель | 28.12.05 | С.Сачада | 82 19 267314 |
| 2 | Абдурахманов Махмуд Магомедрасулович | 7 | 7 | 20 | | победитель | 09.01.09 | С. Талух | 11-БД 680474 |
| 3 | Хабибулаев Тинамагомед Раджабович | 10 | 10 | 30 | | победитель | 23.11.05 | С. Утлух | 82 19 267279 |
| 4 | Самедова Зайнаб Хирамагомедовна | 9 | 9 | 25 | | победитель | 15.04.07 | С.Гунух | 82 21 522339 |
| 5 | Шарипов Джамалудин Абдулаевич | 9 | 9 | 24 | | призер | 27.02.07 | С.Урух-Сота | 82 02 400928 |

2.Участников муниципальной олимпиады сопровождает: Гаджимахатова С.Г.

Директор ОО ____________________ ____________________

*18. 02.2022г.* *(подпись)* *(Ф.И.О.)*

**8. Рокъобе т1адкъай:**

Газет – журналаздаса яги литературиял асараздасан тайпа цоял членалгун ругел 10 предложение хъван росизе. .

*-Жакъасеб дарс бокьилаан лъуг1изабизе гьаб гьари – дуг1аялдалъун:*

***Ц1уне маг1арул мац1,гьеб нилъер иях1!***
***Ц1уне маг1арул мац1,гьеб нилъер намус!***
***Ц1уне маг1арул мац1,гьеб нилъер рохел!***
***Ц1уне маг1арул мац1 бищун хирияб !***

**9. Къиматал лъела.**